asosida shakllangan maqsadlarni amalga oshirish bilan bog'liqdir. O'z-o'zini baholash va nostandart baholash usullarining samarali qo'llanilishi, pedagoglar va talabalar o'rtasidagi o'zaro munosabatlarni mustahkamlash, shuningdek, ta'lim sifatini yanada oshirish imkoniyatlarini yaratadi. Natijada, pedagoglar o'z faoliyatini doimiy ravishda tahlil qilib, ilmiy asoslangan yondashuvlar orqali ta'lim jarayonining samarador-ligini oshirishlari lozim. Bu esa nafaqat shaxsiy rivojlanish, balki jamiyat va mamlakat taraqqiyoti uchun ham muhim ahamiyatga ega. Shunday qilib, ta'lim sohasidagi sifatli o'zgarishlar, innovatsion yondashuvlar va ilmiy asoslar orqali amalga oshirilishi kerak.

**Adabiyotlar**


1. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 8-oktabrda Oliy Majlisga qilgan murojaati – /"O'zbekiston ovozi" gazetasi.
2. Gary Becker – " Human Capital: A Theoretical and Empirical Analysis" 1964.
3. Benjamin Bloom – "Taxonomy of Educational Objectives" 1956.
4. Zimmerman.B.J. Attaining self regulation: a social cognitive perspective. In M.Boekaerts & P.R.Pintrich (Eds.). Handbook of self regulation. -P. 13-39. -New York: «Academic Press» 2000.
5. Gazeta. Uz
6. Dylan Wiliam va Paul Black "Assessment and Classroom Learning" maqolasi. 1998.
7. Gwyneth Hughes, Elizabeth Wood and Kaori Kitagawa. Use of self-referential (ipsative) feedback to motivate and guide distance learner, London: 2014. –P. 3.



**REZYUME.** Maqola ta'lim tizimidagi baholash jarayonlarini innovatsion yondashuvlar orqali tahlil qiladi. Unda inson kapitalini rivojlantirish, pedagoglarning o'z-o'zini baholash va nostandart baholash usullarining ahamiyati muhokama qilinadi. Ta'lim sifatini oshirish uchun zamonaviy baholash metodlari, jumladan, ipsativ va fidbek baholashlari keltiriladi. Benjamin Bloomning taksonomiyasi asosida ta'lim jarayonining samaradorligini oshirish imkoniyatlari ko'rsatiladi. Maqolaning maqsadi ta'lim sohasida sifatli o'zgarishlarni amalga oshirish, pedagoglarning faoliyatini doimiy ravishda tahlil qilish va innovatsion yondashuvlarni joriy etishdir. Shuningdek, bu jarayonlar nafaqat shaxsiy rivojlanish, balki jamiyat va mamlakat taraqqiyoti uchun ham muhim ahamiyatga ega ekanligi ta'kidlanadi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья анализирует процессы оценивания в системе образования через призму инновационных подходов. В ней обсуждаются важность развития человеческого капитала, самооценки педагогов и нестандартных методов оценки. Приводятся современные методики оценки качества образования, включая ипсативную и обратную связь. Основываясь на таксономии Бенжамина Блума, рассматриваются возможности повышения эффективности образовательного процесса. Цель статьи заключается в реализации качественных изменений в сфере образования, постоянном анализе деятельности педагогов и внедрении инновационных подходов. Также подчеркивается, что эти процессы имеют важное значение не только для личного развития, но и для прогресса общества и страны в целом.

**SUMMARY.** The article analyzes assessment processes in the education system through the lens of innovative approaches. It discusses the importance of developing human capital, teachers' self-assessment, and non-traditional assessment methods. Modern assessment methodologies for quality education are presented, including ipsative and feedback assessments. Based on Benjamin Bloom's taxonomy, the article explores opportunities for enhancing the effectiveness of the educational process. The aim of the article is to implement quality changes in the education sector, to continually analyze teachers' activities, and to introduce innovative approaches. It also emphasizes that these processes are significant not only for personal development but also for the advancement of society and the country as a whole.


## GEOGRAFIYA SABAQLARÍNÍŃ SÍPAT HÁM NATIYJELILIGIN TÁMIYINLEWDE KÓRGIZBELI QURALLARDÍŃ ÁHMIYETI


**A.S.Nurlanov** – *úlken oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** tabiat, maktab, qit'a, geografiya, moddiy baza, ko'rgazmali qo'llanma, xarita, mineral, tog' xalqi, kinoproyektor, o'quv filmi.

**Ключевые слова:** природа, школа, материк, география, материальнфя база, наглядная пасобия, карта, минерал, горная парода, кинопроектор, учебный фильм.

**Key words:** nature, school, continent, geography, material base, visual aid, map, mineral, mountain range, film projector, educational film.


Geografiya – tábiyat hám jámiyettiń óz-ara baylanısda rawajlanıwın kompleksli, kóp qırlı hár tárepleme uyreniwshi pánlerden esaplanadı. Geografiyalıq qabıqta júz beretuğın litosfera plitalarınıń jılısıwı, materiklerdiń payda bolıwı, tawlardıń kóteriliwi, klimat poyaslarınıń tarqalıwı, landshaftlardıń qáliplesiwi, topıraq, ósimlik hám haywanat dúnyasınıń payda bolıwı sıyaqlı tábiyiy geografiyalıq processler úyreniledi.

Tábiyattı úyreniw bul quramalı process bolıp oqıwshılardıń dúnyağa kózqarasın oyatadı. Mekteplerde oqıtılatuğın geografiya sabaqlarınıń

oqıw materialları mazmunın har qanday metodlar arqalı tek bilimler jıynaǵın yadta tutıwdan ǵana emes, al, olardı isenimli dárejege aylandırıp sabaqtı jetilistiriwshi, oqıwshılardıń yadında uzaq waqıt saqlap qalıwdı támiynleytuǵın kórgizbeli qurallar bolıp tabıladı.

Geografiya páninen sabaq alıp barılatuǵın oqıw bólmelerinde barlıq kerekli kórgizbeli qurallar, kartalar, taw jınısları hám minerallar, ósimlik, topıraq kollekciyalari, hawa rayın baqlaw ushın kerekli meteorologiyalıq ásbap-úskeneleri, bunnan tısqarı texnika qurallarınan, oqıw filmlerin kórsetiw ushın televizor, videomagnitafon hám kinoproektor, ekranda geografiyalıq suwretler proektsiyalarn kórsetiw ushın diaproektor hám kadaskop, tábiyiy proceslerdi kórsetiwshi hár qıyli modeller bolıwı zárúr.

Tilekke qarsı házirgi geografiya oqıw bólmelerinde kópshilik kórgizbeli qurallar hám texnikalıq ásbap úskenelerdiń jetispewshiligi sebepli teoriyalıq shınıǵıwlar karta hám prezintaciya usılında suwret hám tekst formasında alıp barılsa, ámeliy shınıǵıwlar tábiyattı baqlaw, hawa rayın baqlaw, orındaǵı ólshew jumısları hám tájiriybeler ótkeriwdi ámelge asırıw derlik joqtıń qasında.

Keleshegimiz bolǵan jaslarımızdıń tálim hám tárbiyalıq intellektuallıǵın rawajlandırıwǵa qaratılǵan oqıw tárbiya procesinde bilimlendiriwdiń innovaciyalıq forma hám usıllarıń engiziw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtıń 2018-jıl 5-sentyabrdegi "Xalıq bilimlendiriwin basqarıw sistemasın jetilistiriw haqqında"ǵı PP-5538 Pármanında házirgi mektep bilimlendiriwdegi bir qatar kemshilikler atap ótilgen [1:9].

Sonıń ishinde mektep bilimlendiriwiniń sıpatı, oqıtıwshılardıń bilim dárejesin hám pedagogikalıq sheberligin, xabar kommunikaciyalıq texnologiyaların qollaw hám materiallıq texnikalıq bazasınıń jeterli dárejede emesligi sınǵa alınǵan edi.

Mektep baǵdarlamalarınıń quramalasqan túrleri házirgi kúnniń talabına say tálim-tárbiya beriwge oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qayshı keledi. Oqıw jobasına kirgiziletuǵın materiallardı pedagogikalıq hám socialogiyalıq talaplarǵa say tańlap alınsa maqsetke muwapıq bolar edi. Sonıń ushında mektep jasındaǵı balalarǵa házirgi dáwir ilimi tarawlarınan jıynalǵan joqarı dárejedegi bilim beriw emes, al jaslardı kámil insan bolıp qáliplesiwine hám rawajlanıwına múmkinshilik beretuǵın zárúr bilimler menen tárbiyalıq kónlikpelerdi úyreniwge járdemlesiw bolıp tabıladı.

Házirgi zaman mekteplerinde tárbiyalıq protseslerdi basqarıw degende balalardaǵı tábiyat tárepinen berilgen unamlı qásiyetlerdi rawajlandırıw yamasa onıń sotsiallıq ortalıqta ózin unamsız tutıwın, tártipsizlik etpewin qadaǵalap barıw ǵana emes al hár bir insannıń ózin ózi tárbiyalaytuǵın ózinde fizikalıq hám ruwxıy kúshlerdi mudamı rawajlandırıwshı zárúrlikti qáliplestiriw bolıp tabıladı [2:26].

Materiallıq bazalardıń mazmunına geografiya kabinetindegi kórgizbe qurallar, oqıw-tájiriybe uchastkası hám janlı tábiyat obyektleri kiredi. Kórgizbeli qurallar oqıwshılardıń óz betinshe ámeliy hám laboratoriyalıq jumıslardı ámelge asırıwǵa geografiya kabinetindegi zamanagóy úskeneler menen tanısıp hám geografiyalıq maydanshada baqlaw júrgiziw arqalı teoriyalıq bilimin ámeliyatta qollanılıwın bekkemlewge járdemlesedi.

Kórgizbelilik haqqinda belgili pedagog alım K.D.Ushinskiy kórgizbelilik teoriyasın rawajlandırıwda hám onıń oqıwshılar bilim alıwdaǵı áhmiyetine sıpatlama berip bılay degen edi "balaǵa qanday bolmasın belgisiz bes sózli úyret, olar sol sózdi úyreniw ushın uzaq waqıt qıynaladı hám waqtın ótkeredi. Al, súwretleri menen jigirma sózdi úyretseń bala sol waqıtta barlıǵın ózlestiredi" K.D.Ushinskiy atap kórsetilgenindey kórgizbeli oqıtıwdıń paydası sonnan ibarat, oqıwshı sóz benen predmet arasındaǵı baylanıstı úyrenedi [5:290].

Geografiya páni boyınsha tusinik hám qubılıslardı oqıwshılardıń qabıllawın rawajlandırıw, baqlawdıń maqsetke baǵdarlanǵan hám shólkemlestirilgen procesine aylandırılıwı ushın hár bir temanı ózlestiriwde kórgizbeli qurallardan paydalanıp olar ústinde turaqlı jumıs alıp barıwdı talap etedi. Sezim, kóriw arqalı qabıllawdı rawajlandırıwda geografiya sabaqlarında kóz aldıǵa keltiriwdi hám túsiniklerdi durıs qáliplestiriw maqsetinde qabıl etiletuǵın hárqıylı kórgizbeli qollanbalar úlken áhmiyetke iye.

Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyasın oqıtıw waqtında kórgizbelilikti támiynlewshi hár qanday illyustraciya hám plakatlarda, pribor, dawıslı qurallarda kórsetiletuǵın janlı hám jansız obyektlerdiń úlken hár qıylı túrleri jatadı. İlimiy-texnikalıq progrestiń rawajlanıwı menen oqıw kabinetlerine kompyuter mashinaları hám oǵan baylanıslı elektron oqıwlıqlar, sayt, DVD, SD diskalar kirip keldi. Mine, bul kórgizbelilik quralları menen támiynlengen geografiya kabineti, janlı tábiyat múyeshi, oqıw-tájiriybe uchastkası hám geografiyalıq maydanshaları oqıw sıpatın támiynlewshi tiykarǵı derekler bolıp tabıladı [3:43].

Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası boyınsha kórgizbeli oqıw qollanbaları júdá hár qıylı bolıp keledi. Sabaqlardı úyreniw obyektlerinen ibarat bolǵan qollanbalardı úlken eki gruppaǵa natural predmetlerge hám oqıtıw ushın arnawlı túrde tayarlanılǵan predmetler menen qubılıslardıń súwretleniwine bóliwge boladı. Natural predmetlerge taw jınısları, minerallar, metallar, topıraqlardıń úlgileri, ósimlikler, haywanlar jatadı.

Natural predmetler ásirese materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyasın oqıtıw ushın zárúr, sebebi olar

oqıwshılarda kóz aldıǵa keltiriwdi hám túsiniklerdi predmetlerdiń ózlerin tikkeley seziw arqalı qabıllaw tiykarında payda etiwge múmkinshilik beredi.

Predmetti oqıwshılardıń barlıǵı jaqsılap kóriwi ushın, ol klass taxtasına jaylastırıladı yamasa muǵallimniń otıratuǵın stolınıń ústine biyigirek etip qoyıladı. Tiri haywanlardı demonstraciya jasap kórsetiw oqıwshılarǵa olardıń tek sırtqı kórinisi ǵana emes, al júrislerin de, ádetlerin de olardıń shıǵaratuǵın seslerin de qabıllawǵa múmkinshilik beredi. Bul balalardıń sanasında eń tolıq hám anıq kóz aldıǵa keltiriwlerdi támiyinleydi. Súwretlep kórsetiletuǵın kórgizbeli qollanbalarǵa (súwretlemeler, diafilmler, diapozitivler) hám kólemli qollanbalarǵa (modeller, maketler, mulyajlar) bólinedi. Ámeliy jumıslardı orınlaw maqsetinde úskene priborlardan tiodalit, nivelir, barometr, dojdomer hám t.b. paydalanıladı.

Oqıw filmleri-kinofragmentler, kinokalcovka, qozǵalmalı kórsetiwdi beredi. Reńli oqıw filmlerin kórsetiw arqalı filmdegi predmet hám qubılıslardı jan-jaqlama bay tásirler tiykarında qabıl etiwge járdem etedi. Oqıw filmlerin qollanıw procesinde bilimlerdi dawıslı hám kóriw uqıplılıqları nátiyjesinde ózlestiriw múmkinshiliklerine iye boladı. Oqıw filmleri arqalı keń oqıw informaciyasın alıwǵa da járdemlesedi.

Oqıw kartinaları-tegis qaǵaz betindegi kórgizbeli qollanbalar bolıp tábiyattıń qubılıs yamasa obyektleri súwretlengen boladı. Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası sabaǵında hár qıylı hám hár túrdegi oqıw kartinaları qollanıladı. Mısalı «Sharshara», «Jıra», «Aralas toǵaylar», «Dala», «Tundra», «Taw», «Alap», «Delta» hám t.b.

Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası sabaqlarında kóbinese qosımsha klass jumıslarında alıp barılatuǵın úlken diywalı súwretler albomlar qollanılsa, al, úlken súwretler bolmaǵan jaǵdayda hár bir oqıwshıǵa kórsetiliwi kerek bolǵan eń kishi formattaǵı súwretlerdi paydalanıwǵa boladı.

Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası oqıtıw procesinde muǵallim oqıwshılarǵa olardıń burın kórmegen kóplegen obyektleri menen qubılısları haqqında maǵlıwmat beredi. Biraq eń tásirsheń hám qızıqlı gúrriń de, ol jaqsı súwretler menen súwretlenip kórsetilmese, jetkilikli dárejede tolıq hám anıq kóz aldıǵa keltiriwdi bere almaydı [4:78].

Materikler hám okeanlardıń tábiyiy geografiyasın oqıtıwda globus tilluri ásbapları aytarlıqtay úlken áhmiyetke iye. Eger plan jer betiniń onsha úlken emes uchastkalarınıń iri masshtablı súwretleniwlerge ótiwge múmkinshilik berse onda globus jer betiniń durıs konfigurası menen onıń tolıq súwretleniwin beredi. Al, tilluri áspabı bul jerdiń quyash átirapında aylanıwın oqıwshılardıń kóz aldına keltiretuǵın áspab bolıp esaplanadı. Geografiya maydanshasında shınıǵıwlar, klassta hám tábiyat qoynında baqlaw jumısları hám tájiriybeler ótkeriw oqıwshılardıń te

oriyalıq alǵan bilimlerin ámeliy konlikpelerin qáliplestirip olardıń yadında uzaq saqlanıwın támiynleydi.

Materikler hám okeanlar geografiyası sabaqlarında, sonday-aq kólemli súwretleniwshi modeller túrinde keńnen qollanıw da áhmiyetli bolmaqta. Model bul predmettiń yamasa geografiyalıq obyekttiń óziniń barlıq detalların tákirarlawshı uqsas, biraq forması kishi predmet bolıp tabıladı. Modellerdiń úyretiwdegi áhmiyeti júdá úlken, sebebi tegis súwretlewden ayırmashılıǵı, olar úyrenilip atırǵan predmet yamasa obyekt haqqında keńislikte kóz aldıǵa keltiriwdi payda etedi.

Materikler hám okeanlar geografiyası sabaqlarında qumnan, saz ılaydan relieftiń kórinisin beretuǵın modeller jasaw ushın paydalanıladı, bul oqıwshılardıń kóz aldıǵa keltiriwlerine járdem beredi. Sabaq waqtında modellerden paydalanıw bul ásirese obyektlerdiń natural túrinde kórsetiw múmkin bolmaǵan jaǵdayda júdá áhmiyetli orın tutadı. Modeller tábiyatta kórilgenlerdi, kóz aldıǵa keltiriwlerdi bekkemlew quralı retinde xızmet atqaradı.

Geografiya páni boyınsha klastan tıs jumıslarda tábiyat qubılısların baqlaw, topıraq, ósimlik qatlamların úyretiw, hawa rayın baqlaw, atmosferalıq qubılıslardı baqlaw, ólshew hám ósimlikler hám haywanatlar rawajlanıwı ústinen tájiriybeler alıp barıw ushın mektep qasında shólkemlestirilgen geografiyalıq maydanshalar derlik joqtıń qasında. Házirgi mektep geografiya xanalarında sabaqlardı alıp barıw dástúriy oqıtıw usıllarında kartadan paydalanıp awızeki túsindiriw metodları menen sheklenip, joqarıda aytılǵan kórgizbeli qurallardıń jetispewshiligi sebebli oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın oyata almay atırmız.

Juwmaqlap aytqanda, mektep bilimlendiriwinde materiallıq bazalardı támiynlep, pedagog qánigelerdiıń bilimi hám tárbiyalıq iskerligin zaman talaplarına say durıs shólkemlestirip, oqıwshılardıń sabaqta erkin pikirlep, belsendiligi rawajlandırsaq keleshek jaslarımızdıń ana tábiyatımız hám jámiyet ortasındaǵı ózara tásir hám baylanıslarǵa ilimiy dialektik kózqarasın qáliplestirip sabaqtıń sapası hám nátiyjeliligine erisiwimizge keń múmkinshilikler jaratıladı.

## Ádebiyatlar


1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Xalıq bilimlendiriwin basqarıw sistemasın jetilistiriw haqqında»ǵı PP-5538 sanlı Parmanı. https://lex.uz/docs/-3893445?ONDATE=30.12.2021
2. Харчев А.Г. "Социология воспитания" -М.: 1990.
3. Абдуганиев И. "География дарсларида таълимнинг техника воситаларидан фойдаланиш". –Т.т: 2004.
4. Қурбаниязов Р., Матсаидова С., Егамбердиев М. "Материклар ва океанлар табиий георафиясини ўқитиш методикаси". –Ургенч: 2000.
5. Ushinskiy K.D. İzbr.ped.soch. -M.: 1977. T. 2 -S. 290.

**REZYUME**. Maqolada o‘quvchilarning nazariy o‘zlashtirgan bilimlarini amaliyotda mustahkamlash, maktab geografiya darslarining sifati va samaradorligini ta’minlashda ko‘rgazmali o‘qitishning ahamiyatiga oid ayrim masalalar muhokama qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается о некоторых вопросах о важности наглядных пособии, в укрепление теоретически полученных знаний учащихся в практике, обеспечивающих качеств и результативности школьных уроков географии.

**SUMMARY.** In the article mentioned the most important periods including the youth’s coming into existence as perfect person and the increasing of the consequences of education together with upbringing affairs on some points of the secondary schools.

## BOLAJAQ OQÍTÍWSHÍLARDA ÁDEP-IKRAMLÍLÍQ KÓNLIKPELERDI JETILISTIRIWDE ETNOPEDAGOGIKALÍQ QÁDRIYATLARDÍŃ ÁHMIYETI

**A.K.Pazılov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı, professor*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** bo‘lajak o‘qituvchilar, odob-axloq, qadriyat, ko‘nikma, etnopedagogika, xalq pedagogikasi, yosh avlod, muammo, etnopedagogik meros, etnik guruh, millat, kommunistik mafkura.

**Ключевые слова:** будущие преподаватели, этика, ценности, обычаи, этнопедагогика, народная педагогика, молодое поколение, проблема, этнопедагогическое наследие, этническая группа, нация, коммунистическая идеология.

**Key words:** future teachers, ethics, values, customs, ethnopedagogy, folk pedagogy, younger generation, problem, ethnopedagogical heritage, ethnic group, nation, communist ideology.

**Kirisiw.** Dúnyada bolıp atırǵan quramalı processler, sóylesiwler, bir-birlerin túsinisiwler nátiyjesinde unamlı sheshimin tabıwı múmkin bolǵan máseleler, geypara mámleketlerde urıs qurallarınan paydalanıw, kúsh-kórsetiw, eki jaqtıń bir-birleri menen bolǵan urıslarınan máplenip qalıw, internet tarmaqlarınan anıq bolmaǵan, jalǵan maǵlıwmatlardı tarqatıw hám basqada usıǵan uqsas is-háreketler kem-kemnen háwij alıp atırǵanlıǵı hámmemizge belgili. Mine, bul kórinisler házirgi waqıtta jaslar minez-qulqında etnopedagogikalıq qadriyatlar járdeminde ruwxıy-ádep-ikramlılıq sıpatlardı qáliplestiriw, kónlikpelerin jetilistirip barıw zárúrligin keltirip shıǵaradı hám usı másele kúnniń eń aktual máselelerinen birine aylanıpta úlgerdi.

Respublikamızda keyingi waqıtlarda xalıq pedagogikasın etnopedagogika dep ataw dástúri orın ala basladı. Al, etnikalıq toparlardıń, xalıqtıń, millettiń basqalarǵa qaraǵanda ózine tán bolǵan ózgesheliklerin úyrenetuǵın ilimdi «etnopedagogika» termini menen atawdı birinshilerden bolıp G.N.Volkov usınǵan edi.

Mashqala ádebiyatlardı úyreniw, baqlaw, eske túsiriw, salıstırıw siyaqlı pedagogikalıq metodlardan paydalanılǵan halda úyrenildi.

Úyrenilgen ádebiyatlarımızǵa tiykarlanǵan halda ásirler dawamında qáliplesip, rawajlanıwın dawam etip atırǵan xalıqlardıń ótmishi, mádeniyatı, tálim-tárbiya tarawındaǵı jetiskenlikleriniń ájayıp durdanaları bizge xalıq pedagogikası arqalı kelip jetkenligine isenimimizdi payda ettik. Xalıq pedagogikası bolsa, rawajlanıw menen qáliplesiwdiń uzaq tariyxıy jolların basıp ótip, biziń dáwirimizge jetip hám ilimiy pedagogika payda bolaman degenshe jas áwladtı kamalǵa jetkiziwde birden bir tárbiya mektebi xızmetin atqardı. Xalıq pedagogikası máseleleri boyınsha bir qatar ilimpazlar monografiyalıq miynetlerin shıǵardı, sabaqlıqlar jazdı, dissertaciyalıq jumısların qorǵap (Axiyarov K.Sh., Burxinov D.M., Volkov G.N., Izmaylov A.E., Syavavko E.I., Pirliev K., Hoshimov K., C.Ochil., Sheranova M., Farsaxonova D.h.t.b.) shıqtı.

Pedagogikalıq ádebiyatlarda, pedagogikalıq ilim-izertlew jumıslarında tek ǵana etnopedagogika máselesine itibar berilip qoyılmastan, al, usı etnopedagogikalıq materiallardan, ondaǵı toplanǵan qádriyatlardan, úrp-ádet, dástúrlerden shańaraqta, ulıwma bilim beriw mekteplerinde, jámiyetlik orınlarda jaslarǵa tálim hám tárbiya beriw islerinde paydalanıp barıw unamlı nátiyjelerge eristiretuǵınlıǵı dálillenip atır. Bul materiallarda bolajaq muǵallimlerdi tayarlawshı pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarında etnopedagogikalıq qádriyatlardan paydalanıw hám anıq nátiyjelerge erisiw jolları haqqında da maǵlıwmatlar beriledi. Anıǵıraǵı, ilimpazlardan T.V.Anisenkova óz izertlew jumısında awıllıq mektep muǵallimlerin etnopedagogikalıq jaqtan jaqtan tayarlawǵa óz itibarın qaratsa [2], N.G.Arzamasceva [3] hám S.N.Fedorovalar [10] joqarı oqıw orınlarındaǵı bolajaq social pedagoglarda etnomádeniy kompetentlikti qáliplestiriw máselelerine kewil bóledi. O.I.Davıdova bolsa mektepke shekemgi bilimlendiriw qánigeligi boyınsha bilim alıp atırǵan studentlerdi etnopedagogikalıq jaqtan tayarlaw máselesiniń sheshimin tabıwdı ılayıq dep esaplaydı [4].

Sonday-aq, D.R.Kerimova óz ilimiy jumısında Daǵıstanlı baslawısh mektep oqıwshılarına ekologiyalıq tárbiya beriw islerinde etnopedagogikalıq miyraslardıń tiykarǵı faktorlardıń